



Pou Piblikasyon Imedya: 31/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LOKAL TWA NOUVO SIT TÈS RAPID GRATIS K'AP OUVRI MÈKREDI NAN ONEONTA

*Sit tès tanporè yo ouvri pou tout kominote a aprè yo fin dekouvri anpil ka pami etidyan yo nan SUNY Oneonta*

*Twa sit tès rapid gratis ap ouvri mèkredi*

*Tès rapid kontinyèl nan Rejyon Lwès New York*

*Rele 833-NYSTRNG pou pran yon randevou nan nenpòt sit*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse lokal twa nouvo sit tès rapid tanporè ki pral ouvri nan Vil Oneonta, Konte Otsego, nan mèkredi a 11 a.m. Aprè mèkredi, sit yo pral ouvri jedi jiska samdi soti 9 a.m. rive 6 p.m. Sit sa yo ap ouvri nan kad deplwaman yon  [ekip SWAT nan SUNY Oneonta](#) Gouvènè a pou metrize yon gwoup COVID-19 ki te devlope la nan mitan popilasyon etidyan yo. Aksyon eta a vini pandan [Chanselye SUNY an, Jim Malatras, te anonse yon sispanasyon de semèn](#) pou enstriksyon an pèsòn nan kanpis SUNY Oneonta a pou ede adrese gwoup la. Yo pral eksplwate sit tès yo an patenarya avèk Bassett Healthcare k'ap ouvè pou tout manm yo nan kominote a epi yo pral delivre rezilta tès yo nan espas 15 minit, sa k'ap pèmèt efò trasaj kontak yo pou trase ak kontwòl pi vit nenpòt ki nouvo ekspozisyon. Tout tès yo gratis.

"Nou ap kontinye efò nou yo nan Oneonta. Chanselye SUNY an, Jim Malatras, te pran bon desizyon an ak desizyon kourajèz la pou fèmen kanpis la pou de semèn, epi kounye a eta a ap mete sit anplas pou ekip tès SWAT nou an pou asire gwoup ka sa yo pa pwopaje nan tout vil Oneonta a ak odela", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen kwè sa kolèj yo se kanari nan min chabon an (sa vle di yo se sin avan kourè a). Mwen kwè sa w'ap konstate atravè nasyon an pral kontinye. Lè kolèj yo ouvri, etidyan yo retounen, lè gen anviwònman kote yo rasanble, lè gen sosyalizasyon, to enfeksyon an ap monte. Swa administrasyon kolèj la rijid epi disipline nan administrasyon prekosyon pa yo, oswa to transmisyon viral la monte epi lè sa a kolèj la dwe fèmen epi pase nan aprantisaj adistans."

"Li enpòtan pou deplwaye resous imedya epi nesèsè pou metrize yon viris ki ka pwopaje byen vit nan nenpòt kwen nan kanpis nou yo ak nan kominote nou an", **Deklarasyon Chanselye SUNY an, Jim Malatras.** "Mwen vle remèsye Gouvènè

Cuomo, Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta ak patnè lokal nou yo pou angajman san fay yo nan batay kont COVID kèlkeswa kote li parèt. Nan fè patenarya ansanm ak atravè disiplin ak konfòmite nan mitan tout moun, nou pral pwoteje kominote nou yo kont viris sa a avèk siksè".

Twa nouvo sit yo sitiye:

**Oneonta Armory**

4 Academy St  
Oneonta, NY 13820

**Foothills Performing Arts and Civic Center**

24 Market St  
Oneonta, NY 13820

**St. James Church**

305 Main St  
Oneonta, NY 13820

Tès yo se sou randevou sèlman. Nouyòkè yo kapab rele 833-NYSTRNG pou pran yon randevou.

**Gary Herzig, ki se Majistra Oneonta, te deklare**, "Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ak SUNY paske yo pran aksyon rapid pou teste ak trase kontak nan Oneonta aprè emèjans nouvo gwoup sa a nan mitan etidyan yo nan SUNY Oneonta. Disponibilite tès rapid pa pral sèlman sèvi pou kalme enkyetid manm endividyèl yo nan kominote nou an, li pral founi nou done tou k'ap enfòmè nou si te gen transmisyon odela popilasyon etidyan an".

Gouvènè Cuomo te raple tou rezidan Rejyon Lwès New York yo ke yo ap reyalize tès rapid aktyèl yo nan uit sit nan rejyon an. Rezidan yo kapab rele 833-NYSTRNG pou fè yon randevou. Nan dat 27 out, Gouvènè a te [deplwaye yon ekip SWAT](#) pou fè tès nan Rejyon Lwès New York pou adrese ogmantasyon ka COVID-19 resan yo nan rejyon an. Li te anonse tou uit sit, ke nou kapab jwenn isit la:

**Deleavan-Grider Community Center**

877 E. Delavan Ave.  
Buffalo, NY 14215

**True Bethel Baptist Church**

907 E. Ferry St.  
Buffalo, NY 14211

**Northwest Buffalo Community Center**

155 Lawn Ave.  
Buffalo, NY 14207

**Dunkirk Fire Murphy Training Grounds**

665 Brigham Road  
Dunkirk, NY 14048

**SUNY ECC North**

6205 Main St.  
Williamsville, NY 14221

**Union Fire Company**

1845 Union Road  
West Seneca, NY 14224

**John A. Duke Senior Center**

1201 Hyde Park Blvd.  
Niagara Falls, NY 14301

**YWCA of the Niagara Frontier**

32 Cottage St.  
Lockport, NY 14094

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)